



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ENVITE VIZITÈ YO SOU PLAJ AK LAK NEW YORK YO
PANDAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA**

*Lokalite Lanaj Ke Yo Chwazi yo Ap Ouvri Bonè Pandan Wikenn Jounen Memoryal
la*

*Gouvènè a Ankouraje Nouyòkè yo Vizite Lak ak Plaj Eta yo Pandan Sezon Ete
2017 lan*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman sezon lanaj nan New York nan Wikenn Jounen Memoryal sa a. Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè menm jan ak vizitè yo pou pran avantaj de yon seri opòtinite ki disponib nan plaj ak lak yo atravè eta a. Soti depi nan monte bato ak kannòt pou rive nan fè lapèch epi monte kayak, eta a ap lanse sezon lanaj estival la nan lokalite ke yo chwazi yo pandan Wikenn Jounen Memoryal la. Pandan sezon Ete 2017 lan, New York ap ofri opòtinite pou tout moun ki nan plis ke 120 lokalite pou kapab eksperimente bò lanmè ke yo selebre nan eta a nan oseyan ak devan rivaj nan plaj, pisin ak zòn pwojeksyon ki devlope yo.

“Lak ak plaj san parèy New York yo ap ofri aktivite rekreyatif ekstèn yo ki pa enferyè a okenn lòt”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak wikenn Jounen Memoryal la ki ap apwoche rapidman, mwen ankouraje vizitè yo ki soti pre ak lwen pou fè yon vwayaj epi eksperimente gwo mèvèy natirèl sa yo pou pwòp tèt yo.”

“Pa gen pi bon plas pou ale lè sezon ete a rive ke nan yonn nan gwo pak eta nou yo, epi wikenn Jounen Memoryal sa se yon gwo moman pou lanse amizman estival yo”, **se sa Komisè Pak Eta yo, Rose Harvey te deklare.**

Pak Eta sa yo nan Long Island pral ouvri pou lanaj chak jou kòmansman apati Vandredi.

Long Island

- Pak Eta Jones Beach
- Pak Eta Robert Moses

- Pak Eta Sunken Meadow
- Pak Eta Hither Hills

Eksepte kote sa make, pak sa yo ap ouvri pou lanaj pandan wikenn yo, kòmanse apati Samdi jiska nan mitan Jen, kote yo pral ofri chak jou.

Rejyon Kapital

- Pak Eta Cherry Plain
- Zòn Copake Falls – Pak Eta Taconic
- Pak Eta Grafton Lake (ouvri chak jou)
- Pak Eta Moreau Lake (ouvri chak jou)
- Rudd Pond – Pak Eta Taconic
- Pak Eta Thompson's Lake

Rejyon Santral

- Pak Eta Fillmore Glen
- Pak Eta Green Lakes (ouvri chak jou)
- Pak Eta Sandy Island Beach

Finger Lakes

- Pak Eta Cayuga Lake
- Pak Eta Sprayground nan Seneca Lake:

Hudson Valley

- Pisin Lak Rockland
- Pak Eta Fahnestock
- Lake Welch – Pak Eta Harriman
- Lake Tiorati – Pak Eta Harriman

Mohawk Valley

- Pak Eta Delta Lake
- Pak Eta Gilbert Lake
- Pak Eta Glimmerglass
- Pak Eta Oquaga Creek
- Pak Eta Verona Beach

Vil New York

- Pisin entèn nan Pak Eta Riverbank (ouvri chak jou)

Southern Tier

- Pak Eta Bowman Lake
- Pak Eta Chenango Valley
- Pak Eta Allan Treman

Rejyon Lwès New York

- Pak Eta Allegany – Zòn Red House
- Pak Eta Beaver Island
- Pak Eta Evangola

“Eta nou an se lakay resous natirèl abondan ki enkli plas espektakilè yo nan tèren kanpin DEC yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo -- ansanm ak vizitè yo tou -- pou pwofite de tèren kanpin nou yo pandan wikenn fèt sa, ak pandan tout sezon ete a”,
se sa Komisè DEC a Basil Seggos te deklare.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou lanaj nan Pak Eta New York yo, ki enkli konsèy sekirite yo ak yon lis konplè plaj pou lanaj yo, vizite <https://parks.ny.gov/recreation/swimming/>

Anpil nan tèren kanpin ki se pwopriete Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral yo gen bèl plaj pou moun naje. Tèren Kanpin DEC yo pral gen senk etablisman ki ouvri pou lanaj nan wikenn Jounen Memoryal sa:

- **Tèren Kanpin North South Lake, Konte Greene** - Tèren kanpin eta ki pi gwo epi ki pi popilè ki nan Catskill Forest Preserve, li ofri bote pitoresk ki ekstraòdinè, ak espas istorik yo, tankou: Alligator Rock, Kaaterskill Falls, ak ansyen espas Catskill Mountain House lan. Pwovens yo ki alantou lak yo te bay vizitè yo pandan lontan vizyèl eksepsyonèl de peyizaj lakanpay ki alantou yo.
- **Plaj Lake George, Konte Warren** - Plaj lan, ki sitiye nan pwent rejyon sid Lake George lan sou wout Beach Road ki nan komin Lake George, Konte Warren se yon plas vakans pandan sezon ete ki popilè ki ap ofri anpil vizyèl espektakilè de zòn ki alantou yo. Ane pase, plaj la te resevwa yon pwojè amelyorasyon pandan de ane ki te genyen yon espas pakin ke yo renove, trafik sikilasyon ki rekonfigire ak Beach Road ki te resimante, ak yon chaloup bato ki te renove epi relokalize.
- **Tèren Kanpin Cranberry Lake, Konte St. Lawrence** - Yonn nan pi gwo lak izole yo ki nan Adirondacks, Cranberry Lake ki gen ladan 20,230 ekta tèren sovaj, ki te antremèle ak 80 kilomèt santye ki byen devlope ki fè li se yon espas vakans pafè antouzyas ekstèn. Lak lan te chaje ak twit nan tan pase epi anpil nan etan, wiso, ak rivyè yo sipòte lapèch twit ki ekselan. Makiz forè ki pafètman fòme nan tèren kanpin lan ap bay lonbray ki ekselan pandan jounen estival ki cho yo pandan ke bwousay yo ap bay privasite ki ekselan pou kanpè yo. Soti depi nan Cranberry Lake pou rive nan Tèren Kanpin Adirondack yo sa mande sèlman yon ti vwayaj sou yon otowout majè.

- **Tèren Kanpin Little Pond ki nan Konte Delaware** - Little Pond se yon tèren kanpin pitorèsk ki sitiye nan Catskill Forest Preserve ki ap ofri yon santye pwomnad lwazi ki alantou yon etan 5 ekta, ak opòtinite pou fè pwomnad sou santye yo ki ap mennen nan win yon ansyen fèm, oswa pwofite de vizyèl estipefyan yo sou tèt montay Touchmenot Mountains lan. Tèren kanpin yo, plaj, alokasyon bato, ak Pwogram Natiralis Jèn yo ap ofri amizman pou moun tout laj; epi pou moun kan primitif yo, nou ap ofri espas ki izole nan bò aryè nan wiso a. Little Pond sitiye a kèk minit de Beaverkill, ki se yon wiso lapèch ki selèb nan mond lan.

Pandan ke plaj sa yo amizan, Eta New York ap raple vizitè yo pou amize yo nan yon fason ki sekirize epi an sante nan naje an sekirite, mete krèm solè epi bwè dlo ase pou evite dezidratasyon.

“Nou ankouraje vizitè yo pou pran avantaj de pakèt opòtinite pou aktivite fizik ak rekreyasyon ki disponib nan plaj ak lak yo atravè Eta New York pandan ke n’ap kenbe sante ak sekirite nan panse nou”, **se sa Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare.** “Nan pran kèk mezi senp pou kapab pwoteje sante ou sa pa bezwen anpil tan epi li pral bay rekonpans alontèm.”

Pwofite de reyon solèy lan se yon bon fason pou pase tan sou plaj yo, epi si ou pase krèm solè sa pral fè ou gen yon eksperyans ki pi agreyab epi pi bon pou sante. Chwazi yon krèm solè ki gen pwoteksyon alafwa pou UVA ak UVB, epi aplike li 30 minit anvan ou ale sou plaj la. Chwazi yon krèm solè ki rezistan kont dlo oswa ki enpèmeyab si ou pral naje, epi sonje pou ou retounen mete apre chak de èdtan.

Li enpòtan pou ou bwè dlo ase pandan ke ou ap bwonze nan solèy la pou kapab evite dezidratasyon. Dlo esansyèl pou kò ou kapab fonksyone kòrèkteman, epi ou bezwen plis dlo ke abityèlman lè ou aktif fizikman epi lè ou nan tanperati ki cho.

Epi asire ou ke ou swiv règleman lanaj yo (<http://www.dec.ny.gov/outdoor/96801.html>) pandan ke w’ap pwofite de moman ou nan plaj la.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou tout etablisman DEC yo ki ap ofri lanaj pandan sezon ete an, vizite <http://www.dec.ny.gov/outdoor/107577.html>.

###